



## KÒD DONÈ DISTRI LEKÒL KONTE MONROE (MONROE COUNTY SCHOOL DISTRICT) A Ane lekòl 2024-2025

Chak elèv nan Distri Lekòl Konte Monroe a dwe respekte nivo egzijans elve pou onètete ak entegrite yo a.

**Deklarasyon Misyon yo** – misyon Lekòl Konte Monroe yo se pèmèt tout elèv yo vin yon sitwayen responsab ak kontribye nan sa k ap fèt nan mond lan.

**Vizyon yo** - Vizyon Lekòl Konte Monroe yo, an patenarya ak tout moun ki gen enterè yo, se ankouraje:

Opòtinite edikasyon ki angaje epi solid pou ankouraje aprantisaj k ap dire tout lavi  
Kapasite pou analize, pote kritik, ak pou rezoud pwoblèm  
Yon fòmasyon pwofesyonèl bon kalite k ap kontinye  
Yon anviwònman akeyan, an sekirite, an sante epi kote ki respekte moun  
Entegrite ak konfyans yon piblik gras ak yon lidèchip kolaboratif

**Malonèt Akademik** – Malonèt Akademik lan ka gen ladan, men se pa sa sèlman:

- ❖ Kopye – kopye yon travay oswa bay yon lòt travay ou; itilizasyon asistan etid san otorizasyon; kolaborasyon pandan yon tès; jwenn ak distribye materyèl tès yo oswa bay ak / oswa resevwa enfòmasyon ki gen rapò ak yon tès anvan, pandan, oswa apre tès la.
- ❖ Plajya - reprezante lide oswa ekspresyon yon lòt moun, ki pibliye oswa ki pa pibliye, san ou pa bay kredi oswa sitasyon apwopriye a.
- ❖ Falsifikasyon oswa Defòmasyon Done - sa gen ladann achte, vann, bay, ak / oswa resevwa enfòmasyon ki soti nan men lòt sous epi reklame l kòm si se afè pa w.
- ❖ Degradasyon Pwopriyete Lekòl la – nenpòt pwopriyete ki fè pati Distri Lekòl Konte Monroe a ki gen ladan materyèl lekòl la, liv, pyès ki nan òdinatè oswa lojisyèl yo.
- ❖ Bay yon Ofisye Lekòl la Manti – lè yon Ofisye Lekòl la ap fè yon antretyen lè gen yon vyolasyon Kòd Donè.

Malonèt akademik lan ka manifeste pandan yon tès, yon egzamen, yon redaksyon, yon memwa, yon rapò laboratwa, oswa sou nenpòt fòm ekspresyon kreyatif.

**Konsekans Enfraksyon Kòd Donè a** – Vyolasyon Kòd Donè a ka lakòz yon zewo pou yon tès, yon devwa, yon pwojè ak yon notifikasyon paran yo sou vyolasyon an. Administratè lekòl la pral rankontre ak elèv la pou pran desizyon final la konsènan respè Kòd Donè a.

---

Non Elèv la ak Lèt Detache

---

Siyati Paran an

---

Siyati Elèv la

---

Dat